ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№114 (23.272) ● 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым

Иджыри зэ хэплъэжынущ

КЪБР-м и Парламентым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ «КЪБР-м и хабзэубзыхуэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»: КЪБР-м и Хабзэм и проектым. ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщі Къэжэр Хъусен, депутатхэр, КЪБР-м и Правительствэм, районхэм я лІыкІуэхэр.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым, **Къэжэр Хъусен** кІэщІу кьытеувыІащ зи гугъу ящі Хабзэм халъхьэну кьагъэлъагъуэ зэхъуэкІыныгъэхэм. Законопроектым ипкъ иткІэ, республикэм щылажьэ хабзитхум зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэну я мурадщ. «Унагъуэр, адэ-анэм я хуитыныгъэр, сабиигъуэр хъумэным теухуауэ», «Сабийм кІэлъыплъ цІыхум мазэ кьэс ират ахъшэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Законхэм халъхьэну зэхъуэкІыныгъэхэр зэхьэлІауэ щытынур социальнэ дэІепсыкъуныгъэхэм я фІэщыгъэ кьудейщ, ахэр зэрат щыкІэмрэ ахъшэмрэ зэрыщыта дыдэм хуэдэу кьонэж.

«КЪБР-м щыпсэу цІыху щхьэхуэхэм къэралыр зэрадэІепыкъум ехьэлІауэ» КЪБР-м и Хабзэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэмкІэ ягъэбелджылы къуажэхэм щыпсэу икІи щылажьэ егъэджакІуэхэм псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэкмкі мазэ кьэс зэрызыщІагъэкъуэну ахъшэр. Иджы егъэджакІуэ кьэс сом 1200-рэ хуэзэнущ. КьищынэмыщІауэ, Хабзэм нэгъэщІ зэхъуэкІыныгъи иратынущ.

«Лэжьыгъэм и ветеран» цІэр зэрыхуагъэфащэ щыкІэм теухуауэ» КЪБР-м и Хабзэр нэхъ тКІий ящІынущ.

«Егъэджэныгъэм ехьэлІауэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хабзэм халъхьэну кьагъэлъагъуэ зэхъуэкІыныгъэхэм ябгъэ иткІэ, школкІуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабийхэр здашэ Іуэхущ1апІэхэм адэ-анэм щІат уасэмкІэ зызыщІагъэкъуэнур цІыхур ирипсэун щхьэкІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеинур кьыщыхэмыхьуэ унагъуэхэм я закъуэщ.

Къэжэр Хъусен къыхигъэщащ, Хабзэр кьащтэмэ, республикэ бюджетым и хэщІыр нэхъ мащІэ зэрыхъунур.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ хъумэнымкІэ и министр **Тюбеев Альберт**, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм, муниципальнэ районхэм я лІыкІуэхэр. КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** жиІащ «КЪБР-м и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектым хэпльэкьын хуейуэ къызэрильытэр, Хабзэр гъэзэщІа хъуным республикэ бюджетым щыщу трагъэкІуэдэнур пыухыкІауэ къызэрыгъэлъэгъуапхъэр.

Законопроектым КЪБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэм щыхэплъэну траухуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкІэ и министерствэм теухуа Положениэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Налшык къалэ

№106-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкІэ и министерствэм теухуа Положениэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм СпортымкІэ и министерствэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м кьыдигъэкІа Унафэ №53-пп-мкІэ кьишащ, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 4.1-нэ пункт кьуэдзэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардзэкъ я проектхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ зытрищІыхьын хуейхэм икІи Министерствэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм егъэщІылІахэм, апхуэдэу» псалъэхэр хэгъэкІын;

б) 4.1-1-4.1.-4-нэ пункт кьуэдзэкъэ дэщыгъуэжьмы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«4.1-1 федеральнэ законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм зыхуэфащэ лэжьыгъэ ІэнатІэхэм яхуэгъэзауэ халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр зэпкърех, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал властым и органхэм хабзэ мардзэкъ кьыдэгъэкІыныгьмкІэ я полномочиехэр ягъэзэщІэн мурадкІэ зыхуэфащэ хабзэ мардзэкъ кьищтэн (кьыдигъэкІын) е апхуэдэ мардзэкъм кьару ямыІэжу кьилъытэн зэрыхуейр еубзыху;

4.1-2 Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и хабзэ мардзэкъу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и хабзэ мардзэкъу Министерствэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм ехьэлІахэм я проектхэр егъэхьэзыр икІи ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэпльэн папщІэ ярет;

4.1-3 Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и хабзэ мардзэкъм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и хабзэ мардзэкъм я проектхэр зэхэлъхьэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и ІэнатІэкІэ органхэм ядолажьэ;

4.1-4 федеральнэ законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм я мардзэкъ кьызэрагъэсэбэпым кІэлъоплъ икІи зыхуэфащэ ІэнатІэхэм къэрал политикэр зэрыщыпхагъэкІыр зэпкърех;».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

● Махуэ лъапІэ

«Си республикэ - си Урысей»

Урысейм и махуэм ирихьэлІэу КЪБР-м Щэнхабзэм и министерствэмрэ Налшык къалэ округым и администрацэмрэ кьызэрагъэпэща концертыр Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм и гупэм деж щыІэ утыкум щекІуэкІащ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛІАЩ къалэдэсхэм ящыщу цІыху мин зыбжанэ. Фестивалым апхуэдэу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщІхэр, Парламентым и депутатхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щэнхабзэ центрхэмрэ я лІыкІуэхэр.

Кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист цІэрыІуэхэм, сабий ансамблхэм, къэфакІуэ гупхэм хэтхэм. Фестивалым хиубыдэу кьызэІуаха гъэльэгъуэныгъэм утыку кьыщыпхьащ сурэтыщІ цІэрыІуэхэмэ мы гъуазджэ лІэужьыгъуэм дихьэх самодеятельнэ художникхэмэ я сурэтхэр, цІыху ІэпщІэльапщІэхэм я лэжьыгъэхэр.

Сурэтхэр **Холлаевэ Марзият** *трихащ.*

● ЗэІущІэхэр

Хэхыныгъэхэм хуагъэхьэзыр

КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм дыгъуасэ щызэхуэсащ политикэ партхэм я щІынальэ къудамэхэм я лІыкІуэхэр. ЗэІущІэм ахэр щыхагъэгъуэзащ мы гъэм екІуэкІыну хэхыныгъэхэм ехьэлІауэ ягъэхьэзырыпхъэ дэфтэрхэр зыхуэдэм.

КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь **Джаппуев Мусэ** зэІущІэр кьыщызэІуихым кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зы мандат зиІэ округхэм зэращыщыр, хэхыныгъэхэм хэтыну хуейхэм я дэфтэрхэр кьеІызыхыну лэжьакІуэ гуп КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм кьызэрызэригъэпэщынур.

Хэхыныгъэхэр щекІуэкІыну махуэр жаІа нэужь, политикэ партхэм кьабгъэдэкІыу абы хэтынухэм я дэфтэрхэр махуэ 35-кІэ кьыІахьынущ, езыхэм я фІэфыныгъэкІэ зезыгъэтахэм - махуэ 25-кІэ. Джаппуевым жиІащ депутат хъуну хуейм Іэмал имыІэу и мылькыр зыхуэдизыр, и хэхъуэ кьызыхэкІымрэ банкым щиІыгъ ахъшэмрэ кьызэригъэльэгъуапхъэр. Кьищынэмыщ1ауэ, дэфтэрхэм хэпльэн хуейщ кандидатым и щхьэгъусэм е балигъыпІэ иуа и бынхэм я цІэкІэ тхауэ хамэ кьэралхэм унэлъапсэ щалэмэ, ар кьызэращэхуа мылькыр кьызыхэкІар кьэзыгъэльагъуэ тхыгъэ. «Хэхыныгъэхэм ухэтын папщІэ, гъэхьэзырын хуейр дэфтэрхэр куэд мэхъу. А псоми дэ дыкъытеувыІэфынукъым, ауэ ахэр КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и сайтым илъынущ. Сэ кьыхэзгъэщынуращи, дэфтэрхэр бадзэуэгъуэм и 4-м мынэхъ пасэу, шыщхьэІуфм и 3-м нэхъ мыгувэу кьэтын хуейщ», - жиІащ Джаппуевым.

КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм кьызэзыгъэпэщ и къудамэм и чэнджэщкІуэ **Мэсей Мадинэ** тепсэлъыхьащ депутат хъуну хуейм и Іуэхум дзэзыІыгъхэм я Іэщ1эдзыр зэрызэхуахьэсым. «Депутат хъуну хуей цІыхум и телъхьэу щытпхъэщ щІыпІэм щыІэ хэхакІуэхэм я бжыгъэм и проценти 3-м нэхърэ мынэхъ мащІэ. Абы кьыхэкІыу зы мандат зиІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кандидатым Іэщ1эдзу щызэхуихьэсын хуейщ хэгъэфащэу мин 16-м нэблагъэ. Хабзэр кьызэпызыуд Іуэхугъуэ кьыхэкІмэ, а дакъикъэм кандидатым и дэфтэрхэм хэпльэныр щагъэтынущ», - жиІащ Мадинэ.

КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и хъыбарегъащІэ центрым и унафэщі **Бещтокъуэ Мурат** тепсэлъыхьащ кандидатхэмрэ уполномоченнэ лІыкІуэхэмрэ я дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырым теухуа программэщІэм.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыкъуэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Гукъинэжу ягъакІуэ

Прохладнэ щІыналъэм и «Электроник» гъэмахуэ лагерым пщІэ щІамыту зыщагъэпсэхунущ, я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэнущ унагъуэ хуэмыщІахэм кьахэкІа сабий 300-м.

ИЛЪЭСИ 6 - 15 ныбжьым итхэм я лагерыр хъарзынэу кьызэгъэпэщащ: цІыкІуэхэр махуэм 5 ягъэшхэнущ, я нэгу зрагъэужьынущ, ягъэджэгунущ, концерт ирагъэплъынущ.

«Электроник»-м лэмэрэ щІыналъэм хиубыдэ кьуажэхэмрэ ящыщ сабийхэм. Лагерым и хъуреягъыр щхьэнтІагъэрэ гъэтхапэщ, цІыкІуэхэр хьэуэ кьабзэм зэрыхэтынури сыт и уасэ!

Сабийхэр зэшынукъым

Налшык и гъэмахуэ лагерхэм лэжьэн щІадзащ.

ЗЫГЪЭПСЭХУПІЭХЭР кьыщызэІуахащ прогимназие №№28-м, 70-м, курыт еджапІэ №№3, 4, 30-хэм. Мыхэр махуэ 24-кІэ лажьэнущ.

Лагерхэр кьыщызэІуахащ Кэнжэ дэт СОШ №20-м, Белэ зыщагъэпсэхунущ Прохладнэ къалэмрэ щІыналъэм хиубыдэ кьуажэхэмрэ ящыщ сабийхэм. Лагерым и хъуреягъыр щхьэнтІагъэрэ гъэтхапэщ, цІыкІуэхэр хьэуэ кьабзэм зэрыхэтынури сыт и уасэ!

Речкэ и курыт школ №15-м. Мыбыхэм псори зэхэту сабий 340-м зыщагъэпсэхунущ.

Лагерхэм я лажьыгъэр зэшынагъэр гъэзэфІэкІуэныгьмрэ спортымрэ тегъэщІауэ щытынущ. Абы кьыдэкІуэу цІыкІуэхэм драгъэкІуэкІынущ щэнхабзэм, щІэныгъэм ехьэлІа Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэри: сабий Іэпщ1эльапщІэхэм, работотехникэм, кьэфэным дихьэхэм папщІэ кружокхэр лэжьынущ. Пщыхьэщхьэхэр джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ фильм гъэщІэгъуэнхэмкІэ ягъэнщІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Я зэфІэкІым хагъахъуэ

● Егъэджэныгъэ

КІуэкІуэ Валерий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым иджыблагъэ зэІущІэ гуп щекІуэкІащ. ГуфІэгъуэ щытыкІэм иту абы студентхэм тхылъ иратыжащ, «Унафэ щІыныкІэ зэфІэкІ зиІэ» Іэщ1агъэ гъэдэхным зэрыхуеджам и щыхьэту.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и мэкъумэш еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу КъБКъМУ-ращ апхуэдэ курс япэу кьыщыщІэзэрагъэпэщар. Абы и щхьэусыгъуэр еджапІэ нэхъыщхьэр кьэзыуэщІалэгъуалэр лажьыгъэм и кьызэрыщІкІэ, Іуэхуи и зэтеублэкІэ мардзэкъм щыгъуазэу ІэнатІэхэм пэрыхьэнырщ. Абы хуэщІауэ еджапІэм кьыщызэІуахащ Студентхэр Іэщ1агъэм хэзыщэ центр.

А жэрдэмыр кьызыбгъэдэкІар КЪБКъМУ-м егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лажьыгъэмкІэ и проректор, профессор Кьудей Русланщ. Іуэхур даІыгъащ икІи абы хуэгъэпса программэ хэха убзыхуныр игъуэу кьалъытащ университетым и ректор Апажэ Асльэнрэ щІэныгъэ-кьэхутэныгъэ лажьыгъэмкІэ и проректор Езауэ Анзоррэ.

Курсым ехьэлІа программэ зэхэзэуэвэнымрэ лажьыгъэр кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщынымрэ пщэрыльэ хуащІауэ щытащ мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор Кьагъырмэс Црайрэ экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат, Студентхэр Іэщ1агъэм хэзышэ центрым и унафэщІ Гордеев Анатолийрэ. Курсхэр егъэкІуэкІыным жыдэжру хэлэжьыхьащ экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, доцент Къарей ФатІимэ, экономикэ щІэныгъэхэм я кандидатхэу Созаевэ Танзиля, Бузд Аринэ, Багъ Джульеттэ сымэ. Абыхэм студентхэм бгъэдалъхьащ ІэнатІэм учэф щыщІыным, абы Іуэхур кьыщызэгъэпэщыным ехьэлІа теорие, практикэ щІэныгъэхэр, зэфІэкІхэр. Программэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ мэкъумэш ІэнатІэм и лажьыгъэр план хэхам тету убзыхуфынри; абы щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр производствэрэ экономикэ я лъэныкъуэкІэ анализ щІынкІ, адэкІэ зэрызиужьыпхъэр гъэнэІуэныр; иджырей Іуэху зехьэкІэ мардзэкъэ и лъабжьыр лэжьакІуэ гупыр кьызыхуэтыншэу лажьыгъэм кьыхуэзщІэгъэуІуэфыныр; ІэнатІэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэхэр псори зэпэшэчауэ кьэщтэныр, нэгъуэщІхэри.

Производствэм, экономикэмрэ управленэмкІэ лажьыгъэхэр ягъэзэщІащ курсым хэсахэм. Ахэр кьыхахащ Студентхэр Іэщ1агъэм хэзышэ центрым республикэм и мэкъумэш хозяйствэ щхьэхуэхэм, щІыналъэхэм щригъэкІуэкІа мониторингхэм ящыкІуа унафэхэм. Абыхэм ящхьэ иткІэ студентхэм яхуэзэфІэкІащ лажьыгъэр езыгъэфІакІуэ епльыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, чэнджэщ хэхахэр кьагъэнэІуэн. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэм кьадэкІуэу, ахэр пІалъэ-пІалъэкІэрэ пэрытащ мэкъумэш ІэнатІэм и кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэм. Студентхэр я зэфІэкІхэм щепльащ ІэнатІэм и унафэщІ, агроном, экономист, нэгъуэщІ кьулыкъухэмэ. А кьалэнхэр ирахьэкІыурэ, абыхэм зрагъэгъуэтащ а Іэщ1агъэм епха щІэныгъэхэр, Іуэху зехьэкІэхэр, лажьыгъэ кьызэгъэпэщыкІэ мардзэкъ. Езыхэм я уней ІэнатІэ кьызэрагъэпэщ хъуми, Іуэхур зэрызэрахьэну щыкІэхэми зыщагъэгъуэзащ.

Курсым кьызэзщІиубыдэ зэныбжьгъэхэр кьызэгъэпэщынымкІэ, ахэр кьызыхуэтыншэу егъэкІуэкІынымкІэ дзІэпыкъуэгъу хъуащ университетым и факультетхэм я деканэхэу ЛІуп Тимур, Екъутэныдж Мухьэмэд, УправленэмкІэ институтым и унафэщІ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Жангураз Жансурэт.

«Унафэ щІынымкІэ зэфІэкІ зиІэ» Іэщ1агъэ гъэдэхным зэрыхуеджам щыхьэт техъуэ тхьилъхэр щратыж зэхуэсым кьырихьэлІат экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкі, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ, КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и чэнджэщагъуэ Шыгуанэ Вячеслав сымэ. Курсым и фІагъымрэ ар кьызэгъэпэщынымрэ, егъэкІуэкІынымрэ республикэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэмрэ кьыхагъэщащ абыхэм я кьэпсэльэныгъэхэм. Студентхэм гуапэу ехъуэхъуащ КъБКъМУ-м и ректор Апажэ Асльэн. Зи щІалэгъуэхэми фІыщІэ хуащІащ еджапІэ нэхъыщхьэм и унафэщІми, Іэщ1агъэ гъэдэхным щызрагъэгъуэта курсым и кьызэрагъэпэщкІуэхэм, егъэджакІуэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Унафэ кьыщащтэну махуэр къоблагъэ

Инджылызхэр кІуэ пэмми нэхъ гъунэгъу хуохъу я къэралыр Европэ зэгухьэныгъэм хэтын-хэмытыным теухуауэ Іэ щІэІэтын хуей махуэм - мэкъуауэгъуэм и 23-м.

Езы къэралым исхэм нэхърэ мынэхъ мащІэу а Іуэхум егъэпІейтей ахэр кьызыхэкІыжынкІэ хъуну гупри. Великобританиер а Іуэхум темыгушхуэнми щхьэтечу мызэ-мытІэу кьыхураджащ. Европэ Советым и унафэщІ Туск Дональд зэрыжиІамкІэ, а Іуэхур кьехьэжьауэ и кІэм нэгъэсынымр кьыхьлІыхь хъунущ - илъэсибл хуэдиз текІуэдэнущ.

«А Іуэхум дытепсэлъыхьыным, инджылыз хьэпшыпхэм я уасэхэр ди деж щызэхъуэжІыным, нэ-гъуэщІ зэфІэмыхьэныгъэу абы кьыдэкІуэнухэр зэхуэгъэхъуэнущ. Европэ зэгухьэныгъэм хэт къэрал 25-м Инджылызыр ди гупым зэрыхэкІыжым теухуауэ Іэ яІэтынми илъэситху мынэхъ мащІэ текІуэдэнущ», - жиІащ Туск, а Іуэхур игу зэрытемыхуэр кьыхигъэщу.

Шэч къызэрыхуащІым къыхэкІыу

Токио къалэм и губернатор Масудзоэ Ейти и кьулыкъум текІыну мурад зэрищІам теухуа хъыбар зэбгригъэхащ. И щхьэусыгъуэр щІыхэм псапэ щІэным хуэзэуэхьэса мылъкур зыхуэуанэтІам къыхуимыгъэсэбэпауэ щэч къызэрыхуащІырщ.

КъызэрыщІагъэщамкІэ, ахъшэр абы тригъэкІуэдащ хъэдІэщхэм, щхьэпІэхэм къыщыхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм, апхуэдэуи щыгъэн къыщэхуным.

Масудзоэ и кьулыкъум мэкъуауэгъуэм и 21-м текІынущ, абы и ужькІэ махуэ 50-м кьуриубыдэу Іэтащхьэщ1эм и хэхыныгъэхэр ирагъэкІуэкІын хуейщ.

●Африкэ Ипщэм щыщ лъэпкъхэу зи щхьэхуитыныгъэм щІебэнхэр дэІыгъыными и дунейпсо махуэщ

●Африкэм щыщ сабийм и дунейпсо махуэщ

●1921 гъэм Аджарие АССР-р кьызэрагъэпэщащ.

●1925 гъэм тенджеиз ФІыщІэ Іуфэм, Гурэуф щІыпІэм деж, кьыщызэІуахащ «Артек» сабий центрыр. ИужькІэ ар хъуащ Совет Союзым и пионерхэм я зыгъэпсэхупІэ нэхъыщхьэ.

●1930 гъэм Волгоград (Сталинград) трактор заводыр лажьэу яутІыпщащ.

●1959 гъэм, зэрагъэпэщыжри, Москва кьыщызэІуахьыжащ СССР-м и ВДНХ-р - цІыхубэ хозяйствэм и ехъулІэныгъэхэр щагъэльагъуэ унэр.

●1963 гъэм апэ цІыхубэ-космонавт Терешковэ Валентинэ «Восток-6» кхъужьхым ису хьэршым лъэтащ.

●1992 гъэм Урысейр Дунейпсо банкым хыхьащ.

●1996 гъэм Урысейм президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІащ. Абы щызэхэкІакъым а кьулыкъур нэхъ зыхуэфащэр. Бадзэуэгъуэм и 3-м екІуэкІа етІуанэ Іыхьэм щызэзэпэщІэтащ Ельцин Борисрэ Зюганов Геннадийрэ. Іэ зыІэта псоми я процент 50-м щІигъум я дзыхь ирагъэзри, Урысейм и Президенту хахащ Ельцин Борис.

●Совет дзэ кьурыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и ЛІыхъужь, Югославиемрэ Болгариемрэ я ЛІыхъужь **Толбухин Фёдор** кьызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

●Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

●Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Кьумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

●Къэрал лэжьакІуэ, «Роснано» ОАО-м и унафэщІ **Чубайс Анатолий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэщх тІэкІу кьыщеІэхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ныбэм имылъмэ, нэр плъэркъым.

Мэшыкъуэ кІуэнухэр ягъэхьэзыр

«Мэшыкъуэ-2016» зэхыхьэм хуэзыгъэхьэзыр зэІуцІэ КъБКъУ-м щекІэкІащ.

КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ социальнэ Іэухуэкмкіэ и проректор **Къумыкъу Іэуес**, университетым щІалэгъуалэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Лу Азэмэт**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм унэтІынигъэ нэхъыщхьэхэр гъэзэщІэныжмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Балэ Олег**, «Мэшыкъуэ-2016» форумым и унафэщІ **Головин Георгий**, абы и къуэдзэхэу **Крысинэ Любовь**, **Кайванов Владимир** сымэ зэІуцІэм и япэ Іыхьэр къыщызэІуахым хэтащ.

«Мэшыкъуэ-2016»-м и къызэгъэпэщакІуэхэм Іуэхур зэрырагъэкІуэкІынымрэ мыгъэрей зэІуцІэм хэлъынымрэ щхьэхуэныгъэхэмрэ къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ.

Кавказ Ищхъэрэ егъэджэныгъэ форумыр щыщхьэуІум и 5 - 19-хэм ІыхьитІу зэпыудэу екІуэкІынущ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абы ныбжьыщІэ 2500-м щІигъу зэхуишэснущ. «ХьэрычэтыщІэ» зи фІэщыгъэ япэ Іыхьэр федеральнэщ, абы Урысей Федерацэм и хэгъэгу псоми я ЛІыкІуэхэр хэтынущ. «ЖылагъуэІ» етІуанэ Іыхьэм дунейпсо мыхьэнэ иІэнущ. Абы егъэджэныгъэм кІыщынэмыщІа, альтернативнэ утыку 20-м нэблагъэ къыщыдэгъэзэпэщынущ, VIP-лекцэхэр, ди къэралым и компание инхэм я ЛІыкІуэхэр хэту пресс-конференц зыбжанэ щрагъэкІуэкІынущ.

Зэхыхьэм щІэуэ хэтынухэм ящыщщ ипэ гъэхэм абы щытекІуэхэм я проектхэр зэрыщагъэльэгъэнущ.

«Лекцэхэр Іэщыбэ тщІауэ, тренинг курсхэм дыхуокІуэ мы гъэм, ар ныбжьыщІэхэм дежкІэ куэдкІэ нэхъ щхьэпэщ», - жиІащ Крысинэ Любовь.

Апхуэдэуи езыхэр зыхуей унэтІынигъэмкІэ хьэрычэтыщІэ план зэхагъэувэу я къару еплъыжьыну ныбжьыщІэхэм Іэмал хъарзынэ яІэнущ.

«Мэшыкъуэм» хуэзыгъэхьэзыр зэІуцІэхэр щхьэпэщ ныбжьыщІэхэм я проектхэр зыхуей хуэзэу утыку ирахьэныжмкІэ. Ар зэрекІуэкІыну махуищым къыуфыдэу ныбжьыщІэхэм тренингхэр, егъэджэныгъэхэр, социальнэ проектированиер зи лъабжьэ лекцэхэр яІэнущ, проектхэр зэрыпхагъэкІынум теухуауэ ІэщІагъэлІхэм я чэнджэщхэр хуагъэльэгъуэнущ. Абы пхыкІа дэтхэнэми форумым зэрыхэтыну сертификат иратыжынущ.

- Гупсысэщ1э, проектыщІэ куэд фиІэну дыфщоугуъ. Университетым и лъэныкъуэкІэ ахэр гъэзэщІэныжмкІэ зыфщІэдгъэкъуэну фыкъыдогъэгуъэ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм **Къумыкъу Іэуес**.

ШАЛ ФатІимэ.

● Налшык

Уэрамым и цІэр яхъуэж

Налшык и Промышленнэ уэрам №2-м и цІэр яхъуэжащ. Абы теухуа жэрдэмыр къыхилъхьащ Налшык къалэ администрацэм. ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ Советым а жэрдэмыр диІыгъащ икІи унафэ ищІащ уэрамым Калининградскэ фІащыну.

МЫБЫ ЩХЬЭУСЫГЪУЭ хуэхъуар Калининградскэ областыр илъэс 70 зэрырикъуарщ. Ар иджыри зы лъэбакъуэщ Урысей Федерацэм и щІыналъэтІым я зэхущытыкІэр гъэбыдэным теухуауэ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, Калининградскэ областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэдзэлжьэну зэгурыІуэныгъэ зэрарахьлІауэ щытащ.

НэгъуэщІ уэрамитІми я фІэщыгъэр зэрахъуэжыну унафэ яІащ. Хьэсэней къуажэм и Летния уэрамым и ныкъуэм КъБР-м и жылагъуэ лэжьакІуэ Тогузаев М. И. и цІэр фІащынущ. Налшык и «Нарт» хьэблэ къэунэхуагъащІэм и уэрамхэм ящыщ зым фІащынущ КъБР-м и ухуэныгъэ, промышленность Іэнатіэхэм заужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Тхьэкъуахъуэ А. М. и цІэр.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Сочэ Олимпиадэм ирихьэлІэу щауха «Адыгэ унэм» Лавров Сергей и хьэщІэщ. *2014 гъэ*

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Козак Дмитрийрэ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ. *Сочэ, 2014 гъэ*

Мылъку къэлэжьыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм гулъытэ хуащІ хъуащ. Апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм жылагъуэм зиужьыныкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр дуней псом щащІэ икІи къыщагъэсэбэп. Ди къэралми и гупэр апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм къахуигъэзащ, купщІафІэу зэрыщэдзлажьэным хущІокъуэ. Абы и щыхьэтщ УФ-м Нэгъуэщі къэрал Іэухуэмкіэ и министерствэм хабзэ хъуауэ гъэ хэс иригъэкІуэкІ зэІуцІэр. Абы къыщыізэхуос мылъку къэлэжьыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъуэ ди къэралым щыІэхэм я лІыкІуэхэр. Мыгъэрей зи чэзу зэІуцІэм ирагъэблэгъат ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Зэхуэсыр зэрекІуэкІам, абы щыжаІаэхэмрэ езым къыщипсэлъахэмрэ я гугъу едгъэщІыну зыхуэдгъэзащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Сэхъурокъуэ Хьэутий: Мылъку къэлэжьыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр щыІэныр зэманым къигъэув къалэнхэм ящыщщ

- МЫЛЪКУ къэлэжьыным пымыщІа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм «къару щабэкІэ» йоджэ, апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм я зэфІэкІыр щхьэхуещагъэкІэ къыщагъэсэбэпи къызэрыхъуи щхьэкІэ. Къэпщытэнагъэ ирагъэкІуэкІахэм наІуэ къащІат мылъку къэлэжьыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэу Урысейм щыІэ куэд хамэ къэралхэм я Іуэху дгъэкІыным зэрыхуэлажьэр. Апхуэдэрэ къыхэкІыныгъэ Іэмал иІэкъым, хамэ къэралхэм къикІ мылъкукІэ лажьэхэм ахъшэр къезытым жаІэр ящІэн хуей мэхъури. Мыдрей лъэныкъуэмкІэ укъыщеплъмэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр къэралым и дежкІэ хэкІыпІэфІщ дунейм къыщекІуэкІ Іуэхуэмрэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ щІыбэр зэрыхущытыр кърипщІэну. Абыхэм я еплъыкІэхэр къэралым къарагъащІэ, жылагъуэмрэ къэрал къулыкъущІапІэхэмрэ нэхъ купщІафІэу зэдгъэлажьэн хуэдэу.

А псом хуэхкІыбу апхуэдэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къэралыр хуосакъ, зэрылажьэ мылъкур къызэдикІми кІэлъполъ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэр лэжьэну хуит зыщІ тхьилъыр къаздитнукъым, и мылъкур хамэ къэрал къикІмэ, зи Іуэхур зэрихуэнур гурыІуэгъуэу кІимыгъэлъагъуэмэ.

А лъэныкъуэмкІэ ДАХ-м укъеплъмэ, пэжщ, дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэщ, дызэрылажьэ мылъкури хамэ къэралхэм щыІэу ди Хасэм къызэщІиубыдэ зэгухьэныгъэхэм къат хэтыпщІэрщ. Ауэ дэ дыщыІэщ, дыщыІэну хуит дыкъэзыщІ документри диІэщ, ди Іуэхухэри къыддалыгъщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэр къэунэхунми щыІэнми лъабжьэ хуэхъуар кІыззэрымыкІуэу, адрей псоми емыщхьу зэрыщытым къыхэкІкІэ. Ди лъэпкъым и нэхъыбэр хамэ къэралхэм щыІэщ, ахэр зэкъуачъэувэу, я хабзэ, щэнхабзэ зэрахъумэным хуэлажьэу диІэр ДАХ-м и закъуэщ. Апхуэдэу щыщІткІэ, хамэ къэрал щыІэ ди лъэпкъэгъуэхэм дадэлэжьэныр кІыпІаубыдэ хъунукъым.

Иджыблагъэ екІуэкІа зэІуцІэм и гугъу пщІымэ, мылъку къэлэжьыным пымыщІа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашхэм Лавров Сергей абы и пэкІи мызэ-мытІэу яхуэзащ. Мы иджырей зэхуэсыгъуэм дэри драгъэблэгъащ. ДыщІрагъэблэгъами щхьэусыгъуэхэр иІэщ, шэч хэмылъу. Абыхэм ящыщ зыщ нобэрей гъащІэм адыгэхэм кІытхуигъэув упщІэхэмрэ ахэр зэфІэхыным дызэрыбгъэдыхьэ щыкІэхэмрэ.

Дэ а зэхуэсым Іэмал кІыдитащ адыгэм ди Іуэхур апхуэдэу щІэхъуар иджыри зэ утыку кІытхэну. Мы лъэхъэнэми адыгэ лъэпкъыр аргуэру гъэунэхуп1э диуващ. ДыщІиувар сыт жыпІэмэ, ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу къэралхэр 53-рэ мэхъури, абы ящыщ дэтхэнэ зыри адыгэхэм къаэрахъущытыр зэхуэдэкъым икІи абыкІэ зыри лъэпкъэгъэнэшэнчъкъым. Дызэбгрыдза щІэхъуар адыгэм ди мыгъуагъэщ, ди щхьэкІи кърикІуа насыпышагъэщ. Нэхъапэм, къэралыр зэхуэщІауэ, къэрал гъунапкъэхэмкІэ зэпэщІэха зэлъэпкъэгъуэхэр дызэрымыцІыхуу, дызэрымыщІэу дыщыщытам щыгъуэ, адыгэхэм къызэрыхущытамрэ иджы къызэрыдэлъымрэ зэхуэдэжкъым. Къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэхэр дызэкІэлъыкІуэн щІэддза иужькІэ, нэхъыбэ къэтщІащ, дэ ттеухуауи адрейхэм нэхъыбэ къашІащ. Ар къэзыгъэсэбэпыну хуей жагъуэгъуэхэри зыщІыпІи кІуакъым.

Псалъэм папщІэ, адыгэхэр нэхъыбэ дыдэу щыпсэу Тыркумрэ абыхэм я адэжь лъахэр зыхиубыдэ Урысей къэралыгъуэмрэ яку къыдэхъуа къаугъэхэм ди Іуэхур нэхъ хьэлъэ ящІащ. Къэралышхуэхэм я зэхуаку зыгуэр къыщыхьуамэ, хилъафэр лъэпкъ цІыкІуэхрщ. Лъэпкъым и нэхъыбэр абы щыІэщ, лъэпкъым и хэкур мыбы щыІэщ. Аращи, къэралитІыр зэрызэщІейяр къэзыгъэсэбэпхэм Іэмалыфіу къалъытэжам ящыщщ адыгэ Іуэхур. Адыгэхэр къызэщІбгъэпльэну тынщ, илъэси 150-м щІигъуэу я гум тель уІэгъэм уеІусэмэ, зэфІэкІащ. Адыгэхэр къагъэсэбэпыгъуэфІэщ, нэгъуэщІхэр я щхьэм иралъыту, хамэм дзэпэкъуэгъу хуэхъуныр я лъым хэлъщи. Хамэ къэрал адыгэхэр Урысейм къыпэщІэбгъэувэнми гугъуехьышхуэ пылъкъым, зыщІапІыкІыр Хэкур ябгьнэным щхьэусыгъуэ хуэхъуахэращи. Ар къагъэсэбэну нэхъри зэпэІэщІэ дызэрыхъуным хущІокъу Урысейм и бийхэри, адыгэ лъэпкъым и бийхэри.

Мис а псом къыхэкІыу ди лъэпкъыр аргуэру гугъуехьхэм хэхуащи, ахэр акъылрэ Іущагърэ хэлъу къызэдэжкІыфын, блэкІари къэкІуэнури зэпэтшэчу Іуэхум дыбгъэдыхьэн хуейщ.

Абы и хэкІыпІэу слъагъуэхэм ящыщу зэІуцІэм щыжысІащ дунейпсо адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ Урысейм и къэралхэм къулыкъущІэхэмрэ дахэу зэрызэдэлажьэм и щапхъэр къэдгъэсэбэп зэрыхъунур. Псалъэм папщІэ, Сочэ щекІуэкІа Олимпиадэм зыщыхуагъэхьэзырым, псалъэмакъыу къекІуэкІар зыхуэдизыр фощІэж. Ауэ абы щыгъуэм Іуэхур зэтеуІэфІэжьынми дахэу зэфІэхьынми Урысейм и къэралыбзэхэри ДАХ-ри хэлэжьыхьащ. ЛъэныкъуитІри купщІафІэу зэрызэдзэлажьам и щыхьэтщ хамэ къэрал щыІэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэр, цІыхубэм дзыхь зыхуищІ, ди лъэпкъэгъу жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр (псори зэхэту цІыху 60-м нэблагъэ) Урысейм къарагъэблагъэ Олимпиадэр щекІуэкІыну щыпІэм я къедза адыгэ къуажэхэм зэрыщагъэхьэщІар, Олимпиадэр къыззыгъэпэщхэмрэ УФ-м и къэралыбыщхьэхэм ящыщхэмрэ Сочэ деж «Фыкъеблэгъэж фи адэжь лъахэм!» - жаІэу къаззэрыщыІущІар, дахэу къаззэрепсэлъар. Абы къыдэкІуэу игу къэзгъэкІыжащ езы Сергей Викторовичи Олимпиадэм щыгъуэ Адыгэ унэм къытхуеблэгъауэ, ди спортсменхэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм, лІыпкъым къытхэкІа нэгъуэщІ цІыху цІэрыІуэхэм яхуэзауэ зэрыщытари.

Кавказ зауэр зэрыухрэ илъэси 150-м щІигъуащ. Абы лъандэрэ мызэ-мытІэу захъуэжащ къэрал ухуэкІэми, цІыху зэхущытыкІэми, псэукІэми. Урысейм щыпсэу адрей лъэпкъхэм яхуэдэу, адыгэмэ зыужьыныгъэ дгъуэтащ, къэралым дыхуэпэжащ, дыхуэлэжьащ, ди нэхъыжьхэр заузыкъуэм щхьэмыгъазэу хэтащ. Ди къэралми куэд къыхуэущІащ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэхэм хыдолъытэ ахэр Урысейм къызэрыхуущытыр нэхъыфІ тщІын хуейуэ. ДАХ-р щызэхэтшэм ди мурадари аращ: ди лъэпкъыр зэкъуэдгъэувэжу ди къэралым ифІ зыхэлъым делэжьыну, Іей дигу зэримыльыр псоми нэрылъагъу ящытщІыну.

Хэкум къыгъэззэкьн мурад зиІэхэм ди Іэр яхуэтшиифмэ, къэкІуэжыфыр къэкІуэжынщ. Къэкіуэжыну хуейхэм я бжыгъэ наІуэ нобэкІэ щыІэкъым, ауэ абы епха гукъеуэрэ гужьГъжьрэ ди лъэпкъэгъуэхэм зэраІэр ящІэри, хамэ къэрал политикэу Урысейм къеныкъуэкъуэхэр абы «ироджэгу». Мис абыкІэ дэ дыарэзыкъым, зыми зыкъедгъэгъэсэбэпыни дыхуейкъым. Аращ ди лъэпкъэгъуэхэр (хэхэсхэри хэкурысхэри) къызыхуедджэр. Тхыдэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, жагъуэгъуэхэм адыгэхэр куэдрэ къагъэсэбэпащ, гъэпщІагъэкІэ тхыдэм и ныджэм зэкъым, тІэукъым къызэрытранар. АфІэкІа апхуэдэ къэдгъэхъуэхъужьнукъым. Мис абы папщІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэмрэ къэрал къулыкъущІэхэмрэ дызэкъуэувэу дызэдэлэжьэн хуейщ.

Апхуэдэ зэпыщІэныгъэфІхэмкІэ щапхъэщ адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу къэралыгъуэхэм ящыщу Иорданиер. Дэри къыдолажьэ, езым я цІыхуми ядолажьэ, Адыгэ ФІыщІэ Хасэу абы щыІэхэм къэрал гулъытэ яГуэт, ди къэралми дахэу къыхуущытщ, абы щыпсэу адыгэхэр зыхэс лъэпкъэми яхуэпэжщ, пащтыхыми и щхьэхъумэу щытын дзыхьыр щыпхь пылъу ирахьэкІ, къэрал къулыкъушхуэхэр зэрахьэу къоГуэгурыкІуэ».

Сыкъыщыпсалъэм сэ апхуэдэу къыхэзгъэщащ адыгэхэр Урысейм дызэрыкъуэувэрэ илъэс 500-м зэрынэблэгъар, абы лъандэри ди псалъэм дыщепщІыжа къызэрымыхъуар, Урысейр къэралыгъуэ лъэщ хъун щхьэкІэ ди лъэпкъым куэд зэрищІар. Ноби Урысейм ифІ зыхэлъырщ дызыхуэлажьэр, сыту жыпІэмэ, радзэ адыгэхэм ди хэкури, ди хабзэри, ди бзэри, ди къэралыгъуэри, ди хуитыныгъэри къэзыхъумэр. Ар дэ псоми фІы дыдэу къыдгуроІуэ, икІи Урысей къэралыгъуэм дыкъыщхьэщыжыныр ди къалэну добж. Хамэ къэрал щыІэ ди къуэшхэми ар къаэзэрыгурыдгъэІуэным дыхуэщхэнущ. Абы папщІэ абыхэм нэхъыбэрэ дахуэзэфу, депсэлъэфу, къэкІуэжынухэми Хэкум лъагъунтъагъу къэкІуэн гурыль зиІэхэми дадэлэжьыфу дыщыстын хуейщ.

Иджырей дунейм Іэпхъуэщапхъэр хуэщ щыхъащ. Мыбдеж щыпсэу адыгэхэри нэгъуэщІ щыпІэ мэзэпхъэ, еджакІуэ, лэжьакІуэ макІуэ. Ди щыпІэмэ нэгъуэщІ щыхуэхэр щытІысхьэ. Ар цІыхум пэрбубыдыфынукъым. Апхуэдэу щыщщІткІэ, мыбы къакІуэжи ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъыбэу яхэтыну тфІэфІт. Абы теухуауэ 1994 гъэм къащтауэ щыта законыр, ди жагъуэ зэрыхъущи, къытхуэгъэсэбэпакъым. Ари псалъэитІ-щыкІэ къыщыхэзгъэщащ а зэІуцІэм: тхыдэм къытхуихьат апхуэдэ насып - хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм паспортитІ зэрахьэну Урысейм хуит ищІат, ауэ ди къэралыр абы щыгъуэ зэІумібзу зэрыщытам адыгэхэр тригъэгушхуакъым а Іэмалыр къагъэсэбэпыну. Нобэ абыкІэ дэ Урысейр дгъэкъуаншэркъым, ауэ хэмыкІуэжыфа ди лъэпкъэгъуэхэм къуаншэу тхужьІэнукъым.

«Адыгэхэр щыпсэу дэтхэнэ къэралми Урысей Федерацэм и посольствэхэр, консульствэхэр щыІэщ, ахэр щІэгъэкъуэн хъэтщІынымкІэ, ди зэпыщІэныгъэхэр ефІэкІуэнымкІэ фыкъыддэІэпыкъуну, ди лъэпкъэгъуэхэм чэнджэщагъу къахуэхъуну ди гуапэт. ДыныволъэІу абы и Іуэхуэкіэ гулъытэ нэхъыбэ къытхуэфщІыну», - щыжысІащ зэІуцІэм.

Министр Лавров гупсэхуу къызэрызэдэІуари, зи гугъу щІыкІэр гунэс зэрыщыхъури къызиГащІэу къызэпсэльэжащ.

«Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэ иджы япэу яхьытхьхьэу аращи, си гугъащ ди зэІуцІэм фыкъызэреблэгъар, - жиІащ Лавров Сергей сэ зэхьыскухигъаззри. - Фи Іуэху еплъыкІэ къэтщІэну, фызэдгъэщІыхуну тфІэфІу фыкъедгъэблэгъащ. Дляпэкі фыкъытхьихьну, Іуэху нэхъыбэкІэ дызэрыщІэну дыхуейщ, фэ тыгъэ кІыфхэ ящІэкъым хэмрэ абыхэм я зэфІэхыкІэу къэфлтьытэмрэ адрей жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэми зэхахьи, щапхъэ яхуэхъуи хуэдэу.

Фыкъыдогъэгугъэ зэрызыкъытхуэвгъэза Іуэхум гулъытэ хуэтщІыну, Урысейм и лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу къэралхэм щыІэ ди посольствэхэмрэ консульствэхэмрэ хьыбар щхьэхуэу едгъэщІэну, зыкъыхуэзыгъаззэхэм яхуэзэфІэкІымкІэ зыщІагъэхуэну, хабзэм тету ядэлажьэну».

Си гуапэу къыхэзгъэщыну сыхуейт ДАХ-р къызэрыунэхуэрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щыхьхІэ едгъэкІуэкІыну зэхьыкъэмрэ Адыгэ махуэмрэ хэтыну къыщедгъэблагъэм, Лавров Сергей абыхэм зыкъыгъэхъэлІэну ди дыкъызэригъэгугъаш. КьышьнэмыщІауэ, ДАХ-м и Гъэзэщіакіуэ гупым и зи чэзу зэхуэсыгъуэм зэ къедгъэблэгъащ МИД-м и лэжьакІуэхэмрэ мылъку къэлэжьыным пымыщІа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэмрэ, Горчаковым и цІэр зезыхъэ фондым и лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Езэгъыу пІэрэ?

● ФщІэн папщІэ

«Электрокъарур зэгъэзэхуэным, энергием къит фейдэм хэгъэхъуэным икІи Урысей Федерацэм и хабзэгъэув акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным я Іуэхукіэ» Федеральнэ закон №261-ФЗ-уэ 2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м къыдэкІам ипкъ иткІэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм пэшхэр щызиІэхэм я кьалэнт 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-р къэсыхукІэ псэупІэ пэшхэм псыр, хуабэр, электрокъарур къызэрапщ Іэмэпсымэхэр, 2015 гъэм щІышылэм и 1-р къэсыхукІэ газыр къызэрапщ Іэмэпсымэхэр щІагъэувэну.

ФЭТЭР куэду зэхэт унэхэм пэшхэр щызиІэхэмрэ къыщызыгъэсэбэпхэмрэ коммунальнэ Іэухутхьэбзэхэр зэрыхуащІэ хабзэхэу УФ-м и Правительствэм 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м къыдигъэкІа унафэ №354-мкІэ хъащтахэм ящхь иткІэ псэупІэ и псэупІэу щымыт пэшхэм къызэрапщ Іэмэпсымэхэр лажьэу яутІыпщІыну, абыхэм техникэ и лъэныкъуэкІэ якІэлъыплъныр, хьумэныр, и чэзум зэрахъуэкІыныр къызэзыгъэпэщІыну зи кьалэныр пэшыр зейрщ.

Мыбдежым законодательствэм мардэ щигъэувырыкъым коммунальнэ Іэухутхьэбзэхэр къызэрапщ Іэмэпсымэхэр зыгъэувыкІыну Іэухущ1анІэхэр къыхахьи и лъэныкъуэкІэ. Ауэ газыр къызэрапщ Іэмэпсымэхэр зыгъэувыкІыну Іэухущ1анІэхэр егъэщІилІауэ мардэ щухъхуэхэр щыІэщ.

ЦІыхур хуитщ коммунальнэ Іэухутхьэбзэхэр къызэрапщ Іэмэпсымэхэр яхуэзэгъэувыну зыхэзыр Іэухущ1анІэ пыухыкІахэм къыхуагъэльагъуэхэм емыдэІуэну.

Мы Іэнатіэм Іэухутхьэбзэхэр щызыщІэ коммерцэ организацэхэр хуиткъым къызэрапщ Іэмэпсымэхэр яГъэувыну я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр цІыхухэм зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну. А Іэмэпсымэхэр яГъэувыну я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр зэрамыгъэзэщІмкІэ административнэ жэуап яхьыркъым. Къызэрапщ Іэмэпсымэхэр хуагъэувыну коммерцэ Іэухущ1анІэхэм цІыхухэм зэрызыхуагъазэри хабзэм емыдэтхъым.

Арщхьэкіэ апхуэдэ Іэухущ1анІэхэм зи гугъу тщІы Іэмэпсымэхэр хуагъэувыну цІыхухэр ирахуІэмэ е гъэпщІагъэ зэрахьэмэ, абы къыдэкІуэу рекламэм, зэпеуэныгъэр хьумэным теухуа законодательствэр къызэпаудмэ, иужьрейхэр хуитщ федеральнэ антимонопольнэ Іэнатіэм, Роспотребнадзорым, Роскомнадзорым я щІыналъэ къудамэхэм зыхуагъэзэну.

ЗэгурыіуэныгъэкІэ пэшхэм щыпсэу цІыхухэм гу лъыбыдогъатэ: къызэрапщ Іэмэпсымэхэр яГъэувыну зи пщэ дэльыр фэракъым, атІэ псэупІэ пэшыр зейрщ (нэхъыбэм - самоуправленэм и органхэрщ). Апхуэдэ цІыхухэм коммунальнэ Іэухутхьэбзэхэр къызэрапщ Іэмэпсымэхэр езыхэм я ахъшэкІэ ирагъэгъэувын хуейкъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Адыгэ Псалъэ газетыр Интернетым щыІ. Абы и адрес: www.adygeapsalye.com

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Есэп мыгугъухэр. Ауэ ахэр пщІыжыну тыншкъым

● Щыдагъэ

Норвегиемрэ Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэмрэ я щыдагъэм къыщІахьи и процент 80-р къэралым Іэрохьэ. США-м - процент 65-р. Урысеим а бжыгъэр зэрыщыхьыр процент 34-рэ къудейщ. Апхуэдэу щыщытКІэ, адрей процент 66-р олигарххэм я жылым иралъхьэ.

УФ-м щІыуэпс къулеиныгъэмрэ экологиемкІэ и министр Донской Сергей иджыблагъэ жиІащ: «ЩІыдагъэ гъэтІылъыгъэу къахутахэр тонн мелард 14 мэхъу. Абы дрикъунущ илъэс 28-кІэ». Арщхьэкlэ Іэщіагъэлlэхэм а псалъэхэм щэч къытрахьэ. ЩІэхэр къамыхутэу щытмэ, гъэтІылъыгъэхэм хэщІу хуежьэнущ 2020 гъэм къыщыщІэдзауэ.

Пэжыр здэщыІэр

«Хуей хъумэ, щыдагъэ къыщІэшыпІэщІэхэр къызэІутхынщ», - къулыкъущІэшхуэхэм нэхъапэм апхуэдэу къагъэгугъэрт къэралым и унафэщІэр. А псалъэхэр сэ къыжьэдэкІыу зэхэсхат СССР-м геологиемкІэ и иужьрей министру (1975 - 1989 гъэхэм) щыта Козловский Евгений. Ар сэ иджы абы игу къэзгъэкІыжащ.

«Дэнэ къыщыхэзІутхынур? - губжьащ министру щытар. - КъыщІэшыпІэхэр мэкІуэщІ. Иужь илъэсипщІкъи къэралым зиІыгъащ совет лъэхъэнэм ягъэтІылъа лъабжьэм тету щыдагъэрэ газрэ къыщІишурэ. Ауэ кІэ зимыІэ щыІэкъым».

Козловский Евгений къельытэ къахута къыщІэшыпІэхэр 2025 гъэм ирихьэлІэу нэщІ хъуну. Щыдагъэм и мызакъуэу, газри, бдзапцІэри, молибдени, дзэхури. «Бомбэр» щІалъхьащ Пётр Езанэм и зэманым къыщыщІэдзауэ щІыуэпс къулеиныгъэхэр къэхутэным теухуауэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр къызэтрагъэувыІэу щыщІадза 90 гъэхэм.

«СощІэж премьер-министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Гайдар Егор япэу сызэрыхуэзэу сыкъигъэуІэбжьауэ зэрыщытар: «Геологие? Сэ ар зищІысыр сщІэркъым», - къеІуэтэж Козловский.

Министерствэр зэхущІыжащ. И мылъкур зэрапхъащ, хэт сыт хуэдиз лъысами ямыщІэу.

СССР-м станокхэмрэ промышленнэ Іэмэпсымэхэмрэ уху́эныжьмкІэ и иужьрей министру щыта (1986 - 1991 гъэхэм) Паничев Николай Гайдар дакъикъитКІэ зэрепсэльэм теухуауэ игу къигъэкІыжхэр япэрейм къызэрыщхьэщыкІ щыІэкъым: «Сэ сыигъ станок щІын Іэнатіэр къэралым къыщызэтенэным теухуа программэ. Жысіэнщи, а зэманым дэ станокхэр зызыужьа къэралхэм я мызакъуэу, Япониемрэ, США-ми, Канадэми едгъэшэрт. ФРГ-м ди деж щищэхуат станок мин 36-рэ. ФщІэрэ жэуапу кІызитар: «Хэт хуей уи станокхэм? Дэ псори нэгъэщІ къэралхэм къыщытщэхунщ!» Промышленностыр лъалъэри, щІыуэпс къулеигъэхэми ди къэралым щыхуэмеиж хъуащ. Алюминиу къагъэсэбэпыр хуэди 8-кІэ, гъуапІъэрэ бдзапцІэу - хуэди 3-м щигъукІэ, никелрэ молибдену - хуэди 6-кІэ, вольфраму - хуэди 8-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ...

Мы зэманым нэгъэщІ къэралхэм яшэ щыдагъэм и процент 45-р, щыдагъэхкІхэм я процент 35-р, газым и процент 33-р, алюминым, никелым, гъуапІъэм, налкъутхэм я процент 60-м щигъур. Абыхэм Урысеим кърат валютэу къыІэрыхьэ псоми я процент 80-р. Аращи, дэ щыуэпс къулеиныгъэм дытесу зэрыжаІэр купщІэнщэкъым. Абы щыгъуэми, геологие къэхутэныгъэхэм нэгъабэ процент 10-кІэ, иужь илъэс 25-м хуэдищкІэ кІэрыхуащ. Гъэзэгъэущ».

Ахъшэр уафэм къехуэхырыкъым

Пэжщ, Донской Сергей урысейхэм ягугъэхэр фІы ещІ: «ИрагъэкІуэкІ геологие къэлъыхъуэныгъэхэм 2016 гъэм хуабжьу кІэрыхунукъым». Сытым къыхэкІыу? Къэралым щІидза къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэм ахъшэ хуиутІыпщын? ЩІидзакъым. Щхьэзахъуэ компаниехэми яфІофІкъым а Іэнатіэм мылъку халъхьэну. США-м, псалъэм и хьэтыркІэ, мы Іэнатіэм текІуадзам и процент 50-р, Японием - процент 80-р абыхэм хелъхьэ.

Арами, урысей щыдагъэ-газ компаниехэм ахъшэуэ дыдэ яІэщ икІи яІащ геологие къэлъыхъуэныгъэхэм трагъэкІуэдэфыну. Сыт атІэ щІакъуэзыр? КъыщІэшыпІэхэр щІэнэшэу я гугъэу пІэрэ? «Хуабжьу кІэрыхунукъым». Сыт а псалъэхэм къикІыр? НэгъуэщІ къэрал инвестицэхэр къыттельэлъэну ара? Ещхьыкъым. КъуэхэпІэ компание инхэм ижь зэманым зи гугъу тщІы проектхэм доллар меларди 7 халъхьащ. Абы щыщу Урысеим къыльысар мащІэ дыдэщ - доллар мелуан 20-щ.

КъызэрыщІэкІымкІэ, Донской Сергей и псалъэхэр зытригщІыкІ щыдагъэ-газ компаниехэм жаІахэрщ. Арщхьэкlэ нэгъабэ яІэрыхьа хэхъуэхэм я процент 50-р бюджетым халъхьэну правительствэм компаниехэм щахуигъэувым, иужьрейхэм зыкъратІащ: «КъудыІуэщ! Апхуэдэу хъумэ, инвестицэ программэхэр хилъэфэнущ». Щхьэзахъуэ компаниехэр мынэпсейуэ къызыфІэщІ министрым игу къэгъэкІыжьпхъэт мы псалъэжь къызэрыгуэкІыр: «Ўзыщымыгугъын ущымыгугъ!»

Зытес къудамэр паупщІ

ЩІыдагъэ гъэтІылъыгъэ къахутахэм илъэс 28-кІэ дрикъуну министрым жиІэным зы мазэкІэ илъ ату еджагъэшхуэ цІэрыІуэ гупым президент Путин Владимир зыхуагъэзащ къэралыр щІыуэпс къулеигъэхэмкІэ къызэгъэпэщыным и Іуэхур зэрызэІыхьэм теухуа тхыгъэкІэ: «Зытес къудамэр паупщІ» - арат и фІэщыгъэцІэр. Сыт Іэщіагъэлlэхэр зытегуэвыхьыр?

Іуэхум хэзыщІыкІхэм жаІэ: зи промышленностым зиужьа къэралхэу дунейм и цІыху псоми я процент 16-р щыпсэухэм щІым и къулеигъэхэм я процент 35-р къалэжь, ауэ процент 55-рэ къагъэсэбэп. Псори зыхуэгъэзар а къулеигъэхэр езыхэм я кІэлъыплъыныгъэм щІагъэуэвэнщ.

СССР-м и ужькІэ Урысейр щытщ къагъэта апхуэдэ къулеигъэхэмкІэ дунейм щыпашэу. Абы и щыдагъэ гъэтІылъыгъэхэр процент 13, газыр - процент 32-рэ, фІамыщІыр - процент 11, бдзапцІэр, дзэхур, кобальтыр, гъущІыр - проценти 10-м къыщыщІэдзауэ 36-м нос.

Ауэ мы зэманым хьанэ щІагъуэ щымыІэу къызэтрагъэувыІащ щІыуэпс къулеигъэхэр къэлъыхъуэным теухуа лэжьыгъэхэр. А Іэнатіитіэр зэфІамыгъэувэжмэ, Іуэхур хьэлэч хъунущ.

Сыт къикІар?

ЩынагъуэншагъэмкІэ Советым зэгуэр къэщтащ «Урысеим щІыуэпс къулеигъэхэмкІэ и щынагъуэншагъэр XXI лІэщыгъуэм хъумэн» концепцэр. Абы Іуэхур зыІутыр и пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэсу къыщыгъэлъэгъуат. Арщхьэкlэ псалъэр Іуэхум хуэкІуакъым: къэралым и Парламентым иджыри къэс къищтакъым куэдрэ зытеІэзэщІыхьыжа икІи къратхьыжа «ЩІы щІагъ къулеигъэхэм я Іуэхукlэ» Федеральнэ законыр. Властхэм зэман яІэу къыщІэкІынукъым - хэхьыныгъэхэр къэблэгъащ...

МАХРИН Юрий.
«Мир новостей»

● КъэхъукъащІэхэр

Пхъэныр нэхъ пудщ

Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм уэм хэщІыныгъэшхуэ яритащ. А къэхъукъащІэ шынагъуэм зыщІапхъэмэныкІэ Іэмалхэр щыІэ?

- ЩыІэщ, - жеІэ уэр радиолокацэ ІэмэпсымэхэмкІэ къэхутэным икІи къемыгъэхыным елэжьхэм ящыщ, дунейм щыщІэрыІуэ Іэщіагъэлl, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, Бгы лъагэ геофизикэ институтым (Нальчик къалэ) и щІэныгъэ Іэщіагъэлl нэхъыщхьэ Абшаев Магомет.

Дэнэ къыщагъэсэбэпыр?

- Уэ къэбгупсысащ уэм пэщІэтынымкІэ иджырей технологие. Ар къагъэсэбэпрэ?

- Ауэ сытми! Урысеим, СНГ-м и къэралхэм, Аргентинэм, Македониемрэ... Уэм пэщІэтыф Іэмэпсымэхэр щагъэувэ щІыпІэхэм а къэхъукъащІэм зэранигъэу кІишэр процент 80 - 90-кІэ нэхъ мащІэ щохъу. Ди институтым и еджагъэшхуэхэм къагупсиса Іэмалыр хуабжьу сэбэпщ, ар гъащІэм кьегъэльагъуэ. КИФЩІ-м ми Іэнатіэм егъэщІылІа Іуэхущlапlищ щолажьэ. Абыхэм ахъшэ къахуэзыутІыпщыр федеральнэ бюджетырщ. ЩІынальэхэм я къалэныр мы Іуэхум хуэщІа топу зрикъун къащІэхунырщ. Арщхьэкlэ ахъшэр къомэщІэкІ.

Іэщіагъэлlэхэр жащми махуэми хьэзырщ, абыхэм уэ зыхэт пшэр пасэу къахутэ. Ауэ и нэхъыбэм деж зэрыдэуеин яІэкъым! ГурыІуэгъуэ: щІынальэхэр хущІокъу ахъшэ къыдагъэхуэным. Ауэ мис зы щапхъэ - Ставрополь краймэ мы Іэнатіэм ахъшэ къьхуауатІыпщащ мэкъуэгъуэгъуэм 30 пщІондэ икІи къыщыдагъэхуащ сом мелуан 57-рэ. Ауэ шыщхьэуІуэм и 15-м къеха уэм хэщІныныгъэу сом мелуан 787-рэ къишащ. Апхуэдэу Іуэхур щыгъэувар Ставропольем и закъуэкъым.

Сыт нэхъ лъапІэр?

- Мы гъэм и накъыгъэми уэр къытТеуащ...

- Уэм ракетэхэмкІэ пэщІэтыным теухуауэ Урысеим къыщагупсыса Іэмалыр дунейм нэхъыфІу къыщалъытащ. Арщхьэкlэ ахэр къыщагъэсэбэп хъуркъым къалэшхуэхэм я щыгум, аэропорт инхэм, химзаводхэм, къэрал гъунапкъэхэм я гъунэгъуу. Абы къыхэкІыу пшэхэр зэкІэщІаху авиацэкІи. А Іэмалыр Москва хъарзынэу къыщагъэсэбэп цІыху куэд зыхэт гуфІэгъуэ Іуэхухэр щыщкІэуэкІ махуэхэм. Кхъухьльатэр зы сыхьэт уэгум итамэ, сом мини 150 - 200 птын хуейщ. ЩІынальэ бюджетхэм я дежкІэ ар хьэльэІуэщ.

- Ауэ уэм къишэ хэщІныныгъэхэр хуэдипщІэхэмкІэ, хэбгъэзыхьмэ, хуэдищэхэмкІэ нэхъыбэжщ...

- МЧС-м къызэритымкІэ, къэхъукъащІэхэм ди къэралым и экономикэм хэщІныныгъэхэу сом мелард 200-м щІигъу илъэс къэс кърат. Абы и Іыхьэ щанэм нэсыр КИФЩІ-м къыхуоэз. Дэ къыдолъытэ уэм илъэс къэс Кавказ Ищхъэрэм ику иту гектар мини 142-рэ щихьу.

Ахъшэкlэ къыуфбжмэ, ар сом меларди 6-м щІегъу. Ар уэм щахъумэн папщІэ зыхуеинум нэхърэ хуэдипщІ зыкъомкІэ нэхъыбэщ. Апхуэдиз мылъку мэкІуэщІ экономикэ кризисым дыщыхэт, ерыскъы езым къэдлэжьыжьым дыщыхуэкІуэ зэманым.

Уэм зыщыхъумэным теухуа Іэмалхэр къэрал куэдым къыщагъэсэбэп: Франджым, Италием, Швейцариемрэ - щІыщІыІу генераторхэр, США-м, Канадэм, Германием, Альджжым - авиацэр. Ауэ абыхэм нэхъ зыщытрагъащІэр уэм автомобилхэр щахъумэныщ. Ди къэралми а Іэмалыр къыщагъэсэбэп хъунущ. Арщхьэкlэ ракетэхэр нэхъ къару лъэщщ икІи абыкІэ ди технологиер дунейм щынэхъыфІщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, техникэр жьыщ, ар 90 гъэхэм лъандэрэ къагъэщІэрэщІакъым. Іуэху псори зэфІагъэкІыным егъэщІылІа федеральнэ программэ къащтэн хуейщ.

- Абы и гугъу къытхуэщІыт.

- Уэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ къэхъукъащІэ шынагъуэ псоми защІкъымэным теухуа концепцэм къыщыгъэлъэгъуащ а Іуэхум 2017 гъэм къыщыщІэдзауэ 2025 гъэр къэсыху сом мелард 5,5-нэ нэблагъэ хухахыну. НэгъуэщІу жыпІэмэ, нэгъабэ и щыщхьэуІум уэм къиша хэщІныныгъэхэр зи уасэм хуэдиз.

Дэнэ къыздикІыр?

- Сыщымыуэмэ, топсэлъэхьхь мы Іэнатіэр щІыналъэхэм трагъэшэным и Іуэхуми...

- Абы къикІыр мы Іэнатіэр хэгъэкІуэдэжьпэнырщ. Ракетэхэр къызэращэхун зимыІэ щІыналъэхэм дэнэ къызздрахынур уэм пэщІэтыну Іуэхущlапlхэр зэраІыгъыну ахъшэ? КъэхъукъащІэхэм ятпэщІэтынщ къэралпсо Іэхуу увын хуейщ: Ар илъэсипщІ Іэджэ хъуауэ жаІэ еджагъэшхуэхэм.

- ЩІы хъурейр хуабэ зэрыхъура зыгъэгугъавэр?

- Климатым зэрызихъуэжам дунейм, абы Кавказ Ищхъэрэри хэту, къэхъукъащІэхэр къэхъунымкІэ щыІэ шынагъуэм илъэс къэс процент 6 - 7-кІэ зрегъэубгу. Уэр нэхъыбэрэ бгыхэмрэ бгы лъапэхэмрэ къыщІехыу щытамэ, ижь илъэсхэм тафэ щыпІэхэм къакІуэ хъуащ. США-м зыщесэжа жьапщэшхуэ дыдэхэр ди дежи нэхъыбэрэ къэс хъуащ. Крымскрэ Дагъыстанымрэ, КъуэкІыпІэ Жьжььэмрэ Сибырымрэ псыдзэхэр къащІэуащ...

Мылыльэ щІыпІэхэр нэхъ цІыкІу мэхъу. Ди къуршхэри абы хеубыдэ. Сыт апхуэдизу уэм и гугъу щІэтщІар? Ар къыщедмыгъэкІэ дэ лъэныкъуэ идогъэ щІэт жьапщэри Іисраф къэзышэ уэшхышхуэри.

Апхуэдэу щыщытКІэ, бгыхэри къыгуэщтхъым, мывэрэ ятІэрэ кърахьэхьу. Къэрал 40-м щІигъум щагъэзащІэ псори зэхэту гектар мелуан 96-м нэблагъэм уэ къыщымыгъэхыным хуэгъэза проекту 70-м нос. Пэжщ, къэрал куэди ёолэжь уэгъум ивбыд щІынальэхэм уэшх къызэрыщрагъэшхыну Іэмалми.

Ди еджагъэшхуэхэм зэхалъхьа Іэмалхэмкlэ бгыхэм уэсхэр кърагъэх. Сочэ и олимп бгы-лыжэ комплексхэр зэрахъумэри дэ ди къэхутэныгъэхэм тетущ. Ахэр куэд мэхъу. ЩІыр щтыныр къызэрамыгъэхъум къэкІыгъэхэр зэрыщытетхум цІыхухэм я кьнъуэныгъэншагъэр къызэрегъэпэщ.

ЕВДОКИМОВЭ Еленэ.
«Аргументы и факты»

● БлэкІахэр

Щхьэ пфІэмытмэ...

Мэкъуауэгъуэм и 9-р Германием щыІа советыдзэ гупым (ГСВГ) и махуэу щытащ. 1945 гъэм къыщыщІэдзауэ ар гуфІэгъуэу ягъэуват, дунейм щынэхъ лъэщ дыдэ дзэуэ нэгъуэщІ къэралхэм щыІэм ейуэ ягъэлъапІэрт. КъызыдэкІуари ТекІуэныгъэ Инырт. Ди адэжьхуэмрэ ди адэхэмрэ я гуащІэкІэ зэтраублауэ щыта ар иджы фэеплъ махуэ къудейуэ къэнэжащ.

СЭРИ ГСВГ-м сыщыІащ абы и танк дивизэхэу 11-м, лъэсырыкІуэдзэу 8-м - псори зэхэту зауэлI мин 500-м хулыкъу щащІа зэманым. Абы щыгъуэм апхуэдизу къару зылъагъу НАТО-м и щхьэр къиІэтыртэкъым. Къыгурыуэрт, зыкъритІэмэ, совет армэу хьм абы хьэбэсабэр къыхрагъэхьыу псынщІэ дыдэу я Іэхэр Ла-Манш зэрыщатхьэщыкъыжьыр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджы мэкъуауэгъуэм и 9-р континентым ауэ жьжьэуи къыщыпхэхун щымыІа къару абрагъуэм и гукъэкІыж къудейуэ ягъэлъапІэ.

Ауэ мы махуэм нэгъуэщІ упщІи дигу кьегъэкІ: сыт дэ, ТекІуэныгъэр къэзыхьахэм я щІэблэхэм зэрахуэфащэм хуэдэу, ди щхьэхэр Іэтауэ, зэпІэзэрыту, дыгушхуэу дыкъыщІэмыкІуэжар? Абы и пІэкІэ зыкъызыщІэщІыжа политикэм я зэранкІэ Германием щхьэрыхьу дыкъэжьжьащ...

Воронеж и гъунэгъу губгъуэхэр, сыбыр мэзыльэр, КъуэкІыпІэ Жьжьэм и щІы Іэнэщ1хэр, нэтэн пщыІэхэр дгъэуври. Абы щыгъуэми, Горбачёвым зыми къыпиубыдатэкъым дзэхэм я офицерхэм, прапорщикхэм фэтэр мин 200-м нэс зыщауахуэн хуей СССР-м икІэщІыпІэкІэ къагъэІэпхъуэжыну. 1991 гъэм ГСВГ-м и мылъкур ФРГ-м и маркэ мелард 30 хъууэ къалъытэрт. И дзэхэр къызэрыришыжам папщІэ СССР-м къратар маркэ мелард 12 къудейщ. «Мелард 12-р мащІэ дыдэт, - жиІэжат ФРГ-м и канцлеру щыта Коль Гельмут. - Горбачёвым «маркэ мелардищэ къыдэфт!» къыджиІами, дэ ар абы хуэтщІэнут. ГДР-р дэ къытІэрыхьащ хъыршын уасэжІэ!»...

ГСВГ-р зэхагъэщащ политикэм, мы Іуэхуми епщІыжныгъэ хэлъащ. А дзэ гупым хэтахэр иджы щІоупщІэ: «Дэ Германием дыкъымыкІыжамэ, дэнэт иджы НАТО-р здэщыІэнур?»

Мис НАТО-р иджы ди бжэІупэм къэсащ. Апхуэдэ къэхъунутэкъым абы щыгъуэм ди унафэщІу щытахэм щхьэ яфІэтамэ. Абыхэм къалъытахэм ГСВГ-м хуэдэ къару лъэщыр хэбутэ зэрымыхъунур.

БАРАНЕЦ Виктор.
«Комсомольская правда»

Дехъуэпсэфыну къудейщ

● Псэукlэ

Швейцариемрэ къулейсызхэр щымащІэ дыдэщ, ауэ ахэр щымыгъэІэжьыхэнми щогупсис. Ар къиГелъэгъуащ иджыблагъэ къэралым щекІуэкІа референдумым.

ЩХЬЭТЕЧУ жытІэнщи, Іэлэтыр зытеухуар Швейцарием и нэхъ къулейсыз дыдэхэм яІэрыхьэ хэхъуэхэм мазэ къэс къэрал мылькум щыщу франк 2500-рэ (сом мин 200 хуэдиз мэхъу) яхущІыгъуныр е яхущІымыгъуныр. Абы къикІыкъэнухэр ипэлуэкІи наІуэ хъуат - апхуэдэ зэгъэлеиныгъэр ядэнутэкъым. Арщхьэкlэ дэ ди дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэр цІыхубгэр а Іуэхум зэрыкІэбэфырц.

Ипэрауэ, аращ, ипэжьлІэкlэ демократие нэсыр. А Іуэхур 2012 гъэм и гъатхэм ирахьэжьащ псори тепсэлъыхьын хуейуэ. Арати, цІыхубэм Із ирагъэІэтащ. Абы ищІыужкІэ хъуэпсэгъуэщ а Іуэхум Швейцарием и къулеижьхэри (псори мылъкушхуэ дыдэ зиІэу щытхъыми) зэригъэпІейтейр. Къулейсызхэр мыбы зэрыщыхъур процентиплI къудейщ, зыгуэркІэ зыдэІэпыкъун хуейуэ къалъытэхэр - проценти 7,7-рэщ. ЦІыхухэм я нэхъыбэм зы мазэм франк 2500-рэ балигъхэм хуэзэу, франк 625-рэ зы сабийм хуэзэу яІэщ. Урысеим и цІыхухэм я процент 30-р «зыгуэрурэ» дунейм тету аращ!

Сыт дызыщигугъынур? Правительствэмрэ Къэрал Думэмрэ хэтхэм я фІэщ мэхъу: упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуейм нэхърэ мазэ лэжьапщІэр зэрыпэхъ щІыкІур тэмэмщ. Нэгъабэ тепщІыхьмэ, Іэнатіэ пэрыт урысейхэм я проценти 10,7-м къалэжьыр упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуейм нэхърэ нэхъ мащІэжщ. А мащІэ дыдэм узэрыримыпсэуфынури абы щыгъуж. ЖытІэнщи, езы министрхэми ар щІауфэрэкъым.

Илъэсыщ1эр къэблэгъауэ вице-премьер Голодец Ольгэ «дигъэгуфІащ»: къэралым къулейсызу щопсэу цІыху мелуан 22-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр бын зиІэ унагъуэхэрщ. ЛэжьыгъэмкІэ министерствэм и Іэташхьэ Топилин Максим мы гъэм налкъугъэм и 1-р къэмысу дыкъыгъэІэубжьащ: «Ди дежи щыІэкъым пенсионер къулейсызхэр!».

Иджыблагъэ жаІащ лэжьапІэншагъэмкІэ ират пособиер сом мини 8-м нигъэсыну Правительствэм зэримурадыр. Ауэ ар зратынур илъэс ипэкІэ Іэнатіэмщэ хъуахэрщ икІи зэрыратынури мазихкІэщ. АдэкІэ-щэ? «ГъэзлъІ, лІэІ» жьыуІащ.

ЦІыхуэхэр факъырэ мэхъу, властхэм ягъэмащІэ псэунигъэм, егъэджэнигъэм, узынщагъэр хъумэным трагъэкІуадэ мылъкур (блэкІа илъэсым проценти 3,9-кІэ ехузхащ). Урысеим курыт классыр щотІысэх. Урысеим и Правительствэм и деж щыІэ финанс университетым щыгъэбелджылащ: унагъуэхэм я процент 13-рщ автомобиль, фэтэр къащэхуну, зыгъэпсэхуакІуэ кІуэну, сабийхэр къызыхуэтынщэу ирагъэджэну нобэ зыхуэзфІэкІынур. 2013 гъэм зэупщІахэм я процент 21-м сабийхэр егъэджэным щІатыну пщІэр зэрамыІэр жаІауэ щытамэ, нэгъабэ а бжыгъэр процент 46-м нэсащ.

Ауэ Швейцарием кулейсызхэр курыт классым щыхагъэхьэ! Дехъуэпсэфыну къудейщ. Дэ ди дежкІэ таурыхъым хуэдэщ цІыху хуэдэу псэун, сабийхэр ирагъэджэн, псэупІэ зрагъэгъуэтын папщІэ нэхъ къулейсыз дыдэхэм къэрал мылькум къыхэкІыу ахъшэ хуауТыпщынщы... ИтІанэ сыт къахуэнэжынур кулыкъуэщІэхэм, депутатхэм, нэхъ екъулІахэм? Мис иджы дыдэ яубыдащ Владивосток и Іэтащхьэр. Къагъэлъэгъуащ абы «къуажэм щиІэ унэ цІыкІур»...

«Зым къытехыр адрейм лъос» жаІэ. Ауэ мелуанхэм къатепхмэ-щэ?!

КИТОВЭ Ольгэ,
«Новый вторник» гуэдзэным и политикэ обозреватель.

Дунейм и къалэ нэхъ дахэхэр

Франджым и къалащхьэ Париж дунейпсо щэнхабзэм и курыххэм ящыщщ. ЗыплъыхьакІуэхэм гукъинэж ящыхъу щІыпІэ телъыджж куэд иІэщ абы. Арщхьэкlэ а псоми и уардагъэкІэ кахоущ Эйфель и чэщанэр икІи ар куэд щІащ щыхьэрым и дамыгъэ зэрыхъурэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Сэмэгумкlэ ялэ итхэщ кlэрмыт Мухьдинрэ Пучков Владимиррэ.

Псыдзэм зэтрикъутар зэрагъэзэхуэж

● Шапсыгъ щlынатlэ

Сочэ къегъэбыдыдlа Тхьэгъэпщ къуажэм иджыкlэ нэхъыбэ дыдэу быщагъэсэбэп Iэмэпсымэр белщ. Мин бжыгъэкlэ къашэ пэтми, занщlэу зэрапхъуэ. Псыдзэм хуэныкъуэщ гу цыкlухэм, пхъэхэм, «болгаркэхэм». Лэжьыгъэр дэни щокlуэкl. МЧС-м, коммунальнэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакlуэхэм, Сочэ щыщ жэрдэмщlакlуэхэм уэрамхэр, псы зыщlэуа унэхэр ягъэкъабзэж, сэбэп мыхъужыну унэльащlэхэмрэ нэгъэущl хьэпшыпхэмрэ даш. Уэлбанэшхуэмрэ псыдзэмрэ зэтракъута гъэзугъэр, электрокъэвгу телефон кlапсэхэр, псы бжьамийхэр, ФАП-хэр зыхуей хуагъэзэж.

ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ мазхуэхэм цlыхухэм щlыхьэху щащlащ Марьинэ, Татьяновкэ, Алексеевкэ, Тхьэгъэпщ къуажэхэм. Абы хэтащ къуажэдэхэр, къалэ, район, къуажэ администрацэхэм я лэжьакlуэхэр, Къалэ зэхуэсым и депутатхэр, Iуэхущlапlэ щхьэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгуфэныгъэхэмрэ къиззрагъэпэща лэжьакlуэ гупхэр - псори зэхэту цlыхурэ нэхъыбэ хэщlыныгъэ зиlа Тхьэгъэпщым ятlэ кубометри 2,5-м щlигъу, ентlыр кубометри 3-м щlигъу дашащ. Марьинэ узэрыкlуэ гъэзугр ягъэтэмэмыжащ. Татьяновкэ къуажэм деж Псысфlыпс зэпрыкl лъэмыжхьыринэр тралъхьэжащ, уэрамхэмрэ кузбжэпхэмрэ гъэкъэбзэжыным иджыри йолэжь.

МЧС-м и лэжьакlуэхэм я Iуэху ящlэж - псыжапlэхэр ягъэкъабзэ, аргуэру къэхъункlэ хъуну псыдзэм зэрыпущlэтынум зыхуагъэхьэзыр. Иджыблагъэ мы щыпlэхэм щыlащ МЧС-м и унафэщl Пучков Владимир. Абы вертолётым иужрэ зэрагъэзэжащ Сочэ и Кировскэ округым щекlуэкlыр, хэщlыныгъэ нэхъ щэщlэ Тхьэгъэпщ щыпсэухэм яlуащlащ. Пучковым и унафэкlэ мы щыпlэм къашащ МЧС-м и къудамэхэу Кърым хьы-тlыгуныкъуэмрэ Кавказ Ищхьэрэмкlэ щыlэхэм я лэжьакlуэ гупхэр.

Мэкъуауэгъуэм и 4-м щlыуэпсым и къэхъукъащlэ шынагъуэр зи нэгу щlэкlа цlыхухэм хэумрэ ягу къихьэжащ, иджы уэлбанэшхуэм и лъэужьу къуажэхэм щыплъагъужыр мащlэщ. Тхьэмахуэ и пэкlэ Сочэ зыгъэпсэхуакlуэхэм «къахуэзэIуПхьэжьфыну» фlэщщыгъуейуэ щытамэ, угугъэ хъунущ псори яхуэзфlэкlыну: цlыхухэм этнографие музейхэр, пащlантlэхэр, шхапlэхэр зыхуей хуагъэзэж. Дауи, абы зэманк, къаруи, мылькуи текlуэдэнущ.

Хэщlныгъэ зыгъуэта къуажэхэм Краснодар крайм щыпсэухэр къадэпlэкlыну. Сочэдэсхэм Жор Плъыжьым и счётым ягъэкlуащ сом мелуани 3-м щlигъу. Фондым сом мелуанрэ мин 300-рэ - зы мазхуэм къахэхъуэ улахуэр - хилъхьэщ къалэ администрацэм. Гугъуехь хэхуа цlыхухэм ядэlэпыкъуну «Урысей зэкъуэт» политикэ партыр зэрыхьэзырыр жиlащ абыи УФ-м и Жылагъуэ палатэми хэт Затулин Константин. Урысейм и Махуэм ирихьэлlэу ди къэралым ис ермэлыхэм Лазаревск районым щlа я къудамэм Тхьэгъэпщ къашащ ерыскъыхэкlхэр. Абы къикlа лlыкlуэхэм я пашэт хьэрыфэнэтыщlэ Тавадрэнов Аркадий. Къадзlэпыкъуащ Адыгэ Республикэри. Абы щыпсэу Абыдэ лъэпкъым къабгъэдэкlыу къуажэдэсхэр зыхуэныкъуэхэм щыщ хъахуригъэшащ Адыгейск къалэ щыщ жылагъуэ лэжьакlуэ Абыдэ Хьисэ.

НЫБЭ Анзор.

Хъыбар гуэр фщlэмэ!

Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и Управленэм и полиц хъудамэ №1-м и ОУР-м къельыхьуэ хъыбарыншэу кlуэда **Кайтаев Алим Исмэхьил и къуэр**, 1982 гъэм накъыгъэм и 27-м къальхуар, Налшык къалэ, Нэхущым и цlэр зэзыхьэ узрамым тет унэ №95-м и 47-нэ фэтэрым щыпсэуар. Ар 2012 гъэм щыышылэм и 22-м унэм щэкlащ икlи нобэр къыздэсым здэщыlэр щэркъым.

Пщlэ зыхуэтщl ди лъахэгъуэх!

Кайтаев Алим Исмэхьил и къуэм и хэщlапlэр убзыхунымкlэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщlэмэ, дынывольэlу фыкъэпсэльэну мы телефонхэмкlэ: (86638) 42-20-28 (плъыр часть), 49-43-03, 02 е полицэм и Iуэхущlапlэ флэгъунэгъуэм зыхуэзгъэзэну.

* * *



Урысей МВД-м и «Прохладненский» ОВД-м къельыхьуэ хъыбарыншэу кlуэда бахъсэндэс **Дыщэкl Марьянэ Лиуан и пхъур**, 2016 гъэм и щыышылэ лъандэрэ ар здэщыlэр ящlэркъым.

Пщlэ зыхуэтщl ди лъахэгъуэх! Дыщэкl Марьянэ Лиуан и пхъум и хэщlапlэр убзыхуныкlэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщlэмэ, дынывольэlу фыкъэпсэльэну мы телефонхэмкlэ: (86631) 7-58-02, 7-67-02, 02 е полицэм и Iуэхущlапlэ нэхъ фпэгъунэгъуэм зыхуэзгъэзэну.

Къэрал кlуэцlI Iуэхуэмкlэ министерствэу КъБР-м щыlэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Я зэфIэкIыр къапщытэ

Налшык дэт курыт еджапlэ №25-м щекlуэкlащ киокусинкай каратэмкlэ стипендиехэр зылъысыну гъэсэн нэхъыфlэр къыхэныным теухуа зэпеуэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭМ я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ сабий-щlалэгъуалэ спорт школ №94-м и «Фудосин», КДЮСШ-м и «Бусидо» клубхэм я гъэсэнхэу 48-м. Сыхьэти 3-кlэ ирагъэкlуэкlа къэпщытэныгъэхэр лъэныкъуэ зыбжанэу гъэшат: физическэ щэнхабзэмкlэ, бэшэчагъымкlэ, Iэрыхуагъымкlэ, жанагъымкlэ, каратэм ехьэлlа зэуэкlэ Iэмалхэмрэ теориемкlэ.

Мы зэпеуэм щыыу 14-м «бгыырпх хужь», 24-м - «бгыырпх дыщафэ», 2-м - «кусэ зыхэт бгыырпх дыщафэ», 8-м «бгыырпх щыыу», 7-м - «курыжэ гъуэжь зыхэт бгыырпх щыыу» щыхуагъэфэщащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

Илъэс 30-кlэ Америкэм щылэжьа егъэджакlуэм

индж ылызыбзэкlэ хуиту фыкъеджэу икlи фыпсалъэу фригъэсэнущ. Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8-15-хэм ит сабийхэм;
- балигъхэм (студентхэм, бизнесменхэм).

Гъэмахуэ зэманым лажьэ школ щхьэхуэ къызэрегъэпэщ.

Езым и Iуэхур зэрыхуэхъум ядэлъэдэу дэтхэнэри тхьэмахуэм щэ къекlуалlэ хъунущ.

Еджэн щlадзащ мэкъуауэгъуэм и 10-м.

Зезыгъэтхынухэр къэпсалъэ хъунущ **8 -967-417-78-85** телефонымкlэ.

Дыщэ Iэштlым Мухьэмэд Алий

● Бокс

1942 гъэм щlыышылэм и 17-м зы щlалэ къуапщlэ цlыкlу дунейм къыщытехьащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Кентукки штатым. Абы фlащат Кассиус Марселлус Клей Джейар (Cassius Marcellus Clay Jr.). И фэр зэрыфlыщlафэ-гъуэллъыфэм къыхэкlыу апхуэдэхэр ягъэикlэрт, ягъэпудырт, зрапэсыртэкъым.

ЩlАЛЪ цlыкlур илъэс 12 фlэкlа мыхъуауэ боксым хэгъуэзащ икlи зэхьэзэхуэхэм дыщэ медалхэр къыщыхьырти, фlыщlэхэр ззэымыпэсхэми я нэм щlэмыуэу къанэртэкъым. Илъэс 18 фlэкlа мыхъуауэ 1960 гъэм Урымым щекlуэкlа Олимпиадэм нэхъ гуп хьэлъэ дыдэм щызэуащ. Абы дыщэ медалыр къащыфlихьри, дуней псом цlэрыIуэ щыхъуащ. 1964 гъэм зыри зытемыкlуэфыну къащыхьу боксёр Листон щэджащэр хигъащlэри, ЩIы Хьурейм и чемпион хъущ. А текlуэныгъэм къыкlэлъыкlуэу муслъымэн диныр зэрыщlэр, и цlэрэ «Мухьэмэд Алий»-кlэ ихъуэжащ. Апщlондэху зрамыпэс цlыху «фlыцlэхэм» я макъыу щытамэ, абы къыщыщlэдзауэ Iумпэм ящlыну хэт муслъымэнхэми я дыщэ Iэштlым хъуащ. Фlыцlэхэри, муслъымэнхэри, цlыху зэхэгъэжьыным пэуф цlыкуфl псори зэрыгушхуэу ар къэуващ. Абы къебдин хуейуэ къащыхьу и дарэгъуныкъуэкъуэгъуэхэри хэту, Мухьэмэд Алий иджы фlыуэ зэзгъыжьмылъагъу, абы пщlэ хуэзымыщlу дуней псом тету си фlэщ хьурэкъым. Муслъымэн зэрыхуэам къыхэщlагъэста боксёр зэхэшакlуэхэр хьеущлящ абы: «Сыт уэ пщlэр зищlысыр?! Сыт муслъымэныгъэ къепхьэжьари?! Ар сыт делагъэ! Занщlэу «къысхуэвгъэгъу!» жыIи къэгъэзжI» - жаIэри. Абыхэм ярита жэуапыр: «Сыт къысхуэвгъэгъу жысlэн щlыхуейр? Сэ зэи мыщlапхъэ злэжьакъым. Дин пэжыр къэсщтэну насыпт къызэрыс хуищlам щхьэкlэ, Тхьэ закъуэм щыкур хузощl».

Цlыху зэхэгъэж зыщlхэр (расистхэр), «фlыцlэ-къуапщlэхэр» зыгъэикlэхэр абы бий тIуащlэ хуэхъуащ муслъымэн диныр къызэрищтам щхьэкlэ. Ар апхуэдэу спортсмен цlэрыIуэу зэрыщытыр я гум техуакъым пIыщхьэкъми. Вьетнам зауэм яхуну иужь къихьахэм яжриIащ: «Сэ вьетнамхэм зи я ягъэ къызагъэкlакъым, зи сагъэикlакъым, абыхэм сащlеззэуэн щlыхкъым». Къемызэгъыу къыlытыта зауэм зэрымыкlуам щхьэкlэ тезыр къытралъхьащ илъэсыр 5-кlэ лъэхъуэщым исыну икlи доллар 10000 ипшыныну. Ар иримыкъуу и паспортри и спортсмен лицензэри Iахащ. Ауэ Мухьэмэд Алий зэи къздзыхакъым икlи къикlуэтакъым: къэралыр судым иритащ, и мылъкур абы тригъэкlуэдами. А псом я нэхъыкlэжьрати, илъэси 5 нэблагъэкlэ боксэ зэхьэзэхуэхэм хагъэхьэжакъым. 1970 гъэм, Суд Нэхъыщхьэм щытекlуа нэужь, аргуэру утыкум къигъэзэжа щхьэкlэ, апхуэдизэ илъэскlэ спортым пэжыжьэу щытауэ дауэт а и ныкъуэкъуэгъу лъэщхэм зэрапэщlэувэнырI?

«Хъункъым» жаIэу къеущияхэми емыдаIэу, дуней псоми ягъэщlагъуэу, зи тепщэгъуэ боксёр тепыщджэ Фрезер Джо щlакlуэ кlапэ дытеуващ 1971 гъэм, арщхьэкlэ 15-нэ раундым абы къыщыхигъэщlащ. Профессионалу зыхэта зэхьэзэхуэхэм ялэу къыщыхагъэщlауэ арат ар.

1973 гъэм аргуэру зэ Фрезер пэщlэуващ. Абы и пэкlэ Фрезер Форман ззэуэн хуейт. Фрезер абы зэрытекlуэнум щэч къытрахьэртэкъым, арщхьэкlэ етIуанэ раундым нокаутклэ къыщраудащ. Иджы Мухьэмэд Алий ялэщlыкlэ Фрезер, къыкlэлъыкlуэу Форман ззэуэн икlи тIуми ятекlуэн хуейт, аргуэру дуней псом и чемпион цlэр зыIэригъэхьэжын папщlэ. TIури нокауткlэ хигъащlэри, аргуэру ЩIы Хьурейм боксымкlэ и тепщэ щыхъужащ. Иужькlэ, 1978 гъэм, Спинкс къытекlуа пэтми, Мухьэмэд Алий къикlуэтакъым, а илъэс дыдэм аргуэру пэщlэувэжащ, хигъэщlэжри, щэнейрэ дунейпсо чемпион хъуащ. Апхуэдэ ехъулlэныгъэ зиIа нэгъуэщl боксёр щыlэкъым. Абыкlэ и цlэр Гиннесс и рекордхэр зратэх тхылъым ихуащ. И гъэзугр къыхуэпамыупщlу, тэмэму зэхьэзэхуэхэм хагъэтауэ щытамэ, ар сыт хуэдизрэ зэкlэлъыхьужьу дунейпсо чемпион хъуфыну щытами, Тхьэзакъуэращlыщlэр.

1978 гъэм щэнейрэ дунейпсо чемпиону ар спортым хэкlыжащ. Илъэсих дэкlыу Iэпэлъапэсыс узыр къыпкърыхьа пэтми, закъримыгъэщlащlэу, ахъшэ къилэжьын папщlэ аргуэру боксэ зэмыззэхуэтIым хэтыжащ, ауэ абыхэм къыщыхагъэщlащ. Мухьэмэд Алий боксёр къудейтэкъым. Ар и къарум и мызакъуэу, и цlыхугъэкlи, и захуагъэкlи, и ерыщагъкlи щапхъэт. 1960 гъэм Урымым щыIа Олимпиадэм къикlыжри, махуит I нэхъ дэмыкlауэ, шхапlэ гъэрым щыщlыхьэм, цlыху хужьхэм фlэкlа фlыцlэ-къуапщlэхэр щамыгъашхэу къыщыжраIэм, къэгубжьщ, ягийри, и дыщэ медалыр Огайо псыежэхым хидзат абы. 1996 гъэм Атлантэ щекlуэкlа Олимпиадэм «Къытхуэгъэгъу!» къыщыжраIэкри, псым хидзауэ щыта дыщэ медалым и пIкlэ нэгъуэщl хуэрагъэщlыжри къратыжащ.

Щlыпlэ куэдым ирагъэблагъри щыlащ икlи къыщыпсэлъащ Мухьэмэд Алий. Дэнэ мыкIуами, цlыхугъэм, мамырыгъэм, муслъымэныгъэм яхутепсэлъыхьащ, езым и псэукlэкlи дэтхэнэми щапхъэ хуэхъущ.

Ар хуабжу къаруфIэт, абы къыщымынэу, боксым и щхэхуэри фlы дыдэу ищlэрт, ауэ абыхэм я щlыIужкlэ псынщlэт, жант. Езым зэрыжиIауэ, «хьэндырабгъуэм хуэдэу кlыльэтыхьыри, бжьэм хуэдэу уэрт».

Мухьэмэд Алий щыпсэуа лIэщlыгъуэм и боксёр нэхъыфI дыдэу щытауэ нбж. 2001 гъэм абы и гъащlэр Голливудым кинофильму щытрахащ. Уилл Смит актёр щlэрIуэм Мухьэмэд Алий и ролыр игъэзэщlащ. Боксёр щэджащэм и гъащlэм и къекlуэкlыкlар къэзыIуатэ тхылъышхэр 2002 гъэм къыдэкlащ.

Iэпэлъапэсыс узыр зэрыетам къыхэкlыу Мухьэмэд Алий Мичиган деж щlиэ и унэ лъапсэм щlагъуэу къыдэмыкlыу щыпсэурт. Арщхьэкlэ 2001 гъэм фокладэм и 11-м США-м унэшхуэкъэ къызэрыщагъэуар зэрымыдэр къригъэлъагъуэу, абы кlуэщ, мафIэсгъэункlыфlэхэм я пIыIэ гъуэжьыр зыщхьэрITагъэри а щlыпlэм деж щытащ.

Мухьэмэд Алий бауэкlэщl узым зыщригъэIэзэ сымаджэщым щlэлъу 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м дунейм ехыжащ. Къыщалъхуа и къуажэм ар щыщlалъхьажащ муслъымэн диным къызэригъэувым тету.

ХЪУАЖЬ Фахъри.

Сурэтым: **Мухьэмэд Алий** *(яку дэтщ)* **и ныбжьэгъуу щытащ бэнэкlэ хуитымкlэ Олимп чемпион, Европэм и чемпион, тырку бэнакIуэ, адыгэ пхъурылъху Бильге Гъэзэнферрэ «тырку къаплъэн» зыфIащащ, бэнэкlэ хуитымкlэ Олимп чемпион, дунейпсо чемпион, абазэхэ щlалэ Къаплъэн (Уащхьуэ) Хьэмидрэ.**



● Хъуэхъу

Щlыуэпсыр къэгъэсэбэпыным кlэлъыплъымкlэ федеральнэ къулыкъым и управленэу КъБР-м щыlэм экономикэмрэ финансэхмкlэ и къудамэм и унафэщl, къэрал къулыкъур фlыуэ зэрырихьэкlым папщlэ УФ-м Щlыуэпсхъуэфыгъэхэмкlэ и министерствэм «За отличие в службе» дамыгъэр къызэхуигъэфэща МаскIэ Майе и махуэ къапIэмкlэ дохъуэхъу!

Уи лэжьыгъэр кlуатэу, уи гуащlэм хъер къыпэкlуэу, уи унагъуэ жьэгур хуабэу блэрэ псэкlэ уи гъунэгъуэм укъауэхуреихьу, уузыншэу гъащlэ дахэ къэбгъэщlэну Алыхьым жиIэ!

Уи шыпхъуэр, уи дэлъхур, благъэIыхьлъхэр, Хьэфыщlэ Мухьэмэдрэ Дол Розэрэ.

● Гу зылъытапхъэ

Автотранспортым и лэжьакIуэхэр къащтэ

«Къэббалъкъавтотранс-1438» къэрал предприятэм къещтэ:

- КъБР-м и муниципальнэ маршрутхэм тет автобусхэм ирилэжьын папщlэ «D» категорие зиIэ шофёрхэр;
- щlэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ икlи я Iэщlагъэм илъэсищ нэхъ мынэхъ мащlэкlэ ирилэжьа бухгалтер нэхъыщхьэ, бухгалтер;
- кадрэхмкlэ IэщlагъэлI, лэжьыгъэм хищlыкlыу.

«Къэббалъкъавтотранс-1438» къэрал предприятэм апхуэдэу бэдэнду ет Налшык къалэм дэт автовокзал №01-м хиубыдэ пэшхэр.

Телефоныр: 77-83-05.

●●●

Цlыхухэм къатххэм щыхоплъэ

Гарнизоным и 316-нэ дзэ прокуратурэм и деж къыщызэрагъэпэщащ цlыхухэм правовой дэIэпыкъуныгъэ зезыгъэ къулыкъу щащlэну зэрагъакlуэм теухуауэ цlыхухэм къатххэм хэплъэ консультативно-правовой центр.

Ди хэщlапlэр: КъБР, Налшык къалэ, Пятигорскэ уэрам, унэ №11.

Цlыхухэм дзэ прокуратурэм и офицерэр ягъэувэ графикым тету махуэ къэс сыхьэти 9-м щыщlэдзауэ сыхьэт 18-м нэсыху яхуоэз.

Нэхъ зэпкърыхауэ мы Iуэхум щыгъуазэ зыфщlэхунущ 77-05-73 телефонымкlэ.

Гарнизоным и 316-нэ дзэ прокуратурэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩlЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь),* **Жылаго Заурбэч** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),* **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),* **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епIыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ТекIужь Заретэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр зыщlащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ тращэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №808

● Псым щысакъын

Дерс щхьэпэхэр

Гъэмахуэ мазэхэм цlыхур псым щысакъын зэрыхуейм теухуа лэжьыгъэ ящlыкlэ.

УФ-м и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и IэщlагъэлIхэм ирагъаджэ Налшык и гуэлхэм щыплIыр къеГъэлакlуэхэр.

IэщlагъэлIхэм зэрыжаIэмкlэ, цlыхур псым итхьэлэныр нэхъыбзэу къызызэкlыр фадэращ. Гуэзэгъуэшхуэщ сабийр псым итхьэлэныр. Абыкlэ къуаншэр бынымрэ якlэлъымплъ адэанэрщ. Иужьрей зэманым щалэгъуэмкlэ къагупсысащ езыхэм я ажал къызыхэкlынкlэ хъуну хьэгъэщагъэ: къхуафэжьыбгъэ цlыхуитlым тещlыхьауэ бжыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епIыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мис апхуэдэхэр къэмыгъэхъуырщ МЧС-м и лэжьакlуэхэм ят дерсхэр зытехуэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.